# Hár bir gektarda bir shańaraq jumıs penen támiyinlenedi

Elikqala rayonı hákimi press-konferensiyada investiciyalıq joybarlar boyınsha jurnalist hám blogerlerge magʻlıwmat berdi.

“Ellikqala sahovati” JSHJgʻa “Topıraq qala” máhálle puxaralar jıyını aymagʻınan júzimzarlardı egiw ushın 1000,0 gektar jer maydan ajıratıp berilgen bolıp, joybar eki basqıshta ámelge asırıladı. Birinshi basqıshta 1000 gektar maydanda júzim plantasiyaları shólkemlestirilip, 1000 nan aslam jańa jumıs orınları jaratıladı (hár gektarda bir shańaraq jumıs benen támiyinlenedi). Ekinshi basqıshta plantasiyalarda jetistirilgen júzimnen 35 mıń dekalitr konyak, vino ónimlerin islep shıǵarıw kárxanası iske túsiriledi hám 55 jańa jumıs ornı jaratıladı. Sonday-aq, islep shıgʻarılgʻan ónimler tiykarınan eksportqa bagʻdarlanadı.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Búgingi kúnde kárxana tárepinen 500,0 gektar maydanda júzimniń qaraqamıs, mers, kurjenskiy, reksoteli, vinikabreniy sıyaqlı sortları egildi hám 300 den aslam xalıqtıń bántligi támiyinlendi. Sonday-aq, Italiyanıń “Della Toffola S.R.A” kompaniyası menen bahası 2 mln 970 mıń yevro bolgʻan zamanagóy júzimdi qayta islewshi úskenelerdi jetkerip beriw boyınsha shártnama dúzildi.

QR Ministrler Keńesi Málimleme xızmeti